

**PENGEMBANGAN MEDHIA FILM DHOKUMENTER KANGGO
NGUNDHAKAKE KAWASISAN NULIS GEGURITAN SISWA KELAS VII SMP
NEGERI 1 MODO, KABUPATEN LAMONGAN TAHUN AJARAN 2019/2020**

Siti Suma Zaroh

Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Surabaya
sitizaroh369@gmail.com

Prof. Dr. Udjang Pairin M. Basir, M.pd

Dosen Bahasa Daerah, FBS, Universitas Negeri Surabaya

Abstrak

Pasinaon nulis geguritan mujudake ayahan sing banget wigati tumprape siswa SMP. Mula, siswa uga kudu digladi bisa nulis guritan kang sejatine nulis guritan kuwi tatarane luwih dhuwur tinimbang nulis gancaran. Sajrone nulis guritan, asring di prangguli siswa nduwe inspirasi utawa gagasa, nanging para siswa durung bisa utawa kangelan kanggo ngolah tembung-tembung lan ukara-ukara kasebut. Mula saka iku, panaliti bakal ngembangake medhia film dhokumenter kanggo ngrampungake bab prakara kasebut.

Panliten pangembangan kanthi metodhe Sugiyon underan panliten yaiku (1) Kepriye prosess pangembangan medhia film Dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan ?, (2) Kepriye efektifitas pangembangan medhia film Dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan ?, (3) Kepriye response siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo migunakake medhia film dokumenter?. Tujuane Panliten yaiku Ngandharake proses pangembangan medhia film dhokumenter. Ngandharake pangembangan medhia film dhokumenter, Ngandharake response siswa. Paedah panliten dideleng saka pigunane kanggo Siswa, kanggo Guru, kanggo Sekolah, kanggo Panaliti. Konsep kang digunakake yaiku konsep ktrampilan nulis geguritan medhia lan pangembangane medhia film dhokumenter. Kelas kang digunakake yaiku kelas uji instrument (VII F). Kelas kontrol (VII E), lan kelas eksperimen (VII G). Teknik kang digunakake yaiku tes lan angket kanthi instrumen panaliten yaiku RPP, soal tes, lan lembar angket. Analisis dhata nggunakake t-tes *signifikansi*.

Asil panliten nuduhake Ha: Medhia film Dhokumenter ngundhaake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo Lamongan tahun 2019/2020. Bab iku kabukti saka panliten 1 $t_{hitung} = 23,025 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$. Panliten 2 kanthi $t_{hitung} = 1,476 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$ lan kesengkuyung asil respon siswa kelas uji instrumen 84% lan kelas eksperimen Rata-rata 87% tegese apik banget.

Tembung Wigati : Pangembangan Medhia Film Dhokumenter, Kawasisan, Nulis Neguritan.

PURWAKA

Geguritan salah satunggaling karya sastra kang disenengi sadengahe masyarakat amarga kanthi geguritan sakabehe panguneg–uneg lan daya imajinasi bisa diekspresake lumantar tembung–tembung kang endah.

Geguritan yaiku salah sijining karya sastra jawa ing kang kawujud saka rasaning ati kang diwedharake penyair nganggo bahasa kang nduweni irama, rima, mitra, bait lan penyusunan lirik kang nduweni arti utawa makna. Miturut asal tembung geguritan saka tembung “gurit” kang ateges kidung, tembang utawi seratan kang awujud ukiran utawi tatahan. Geguritan kuwi nduweni ciri – ciri ing sajrone, yaiku, nduweni pathokan utawa aturan geguritan kayata nduweni guru lagu, guru wilangan lan guru gatra kang bebas utawa ora kaiket, nduweni makna utawa arti ana ing lirik–lirike, nduweni bahasa kang endah lan mentes. Akehe ciri–ciri iki gawe para siswa ing SMP Negeri 1 Modo, Lamongan kangelan anggone gawe geguritan. Para siswa akeh banget kang padha bingung menawa diutus nulis geguritan. Mula iku dianakake medhia kang bisa mbantu para siswa gawe geguritan iki. Salah sijine iku nganggo medhia film dhokumenter.

Pasinaon nulis geguritan mujudake ayahan sing banget wigati tumprape siswa SMP. Awit ayahan nggurit utawa nulis puisi kuwinelakake utawa ngatonake pirang–pirang kabisan utawa kawasisan basa. Sajrone prastawa mau siswa nglairake gagasan utawa pamikiran dadi rumpakan

awujud larik–larik tembung utawa ukara–ukara. (Hutabarat,2010: 4)

Ing sajroning Kurikulum Basalan Sastra Jawa disebutake yen pamulangan basa Jawa kuwi diperang dadi loro, yaiku pamulangan basa lan pamulangan sastra. Pamulangan sastra kuwi awujud prosa (gancaran), puisi (geguritan), lan drama.

Kanthi adhedhasar kasunyatan ing ndhuwur mau, mula katrampilan nulis guritan banget wigatine. Kejaba bisa nggunakake basa Jawa gancaran, siswa uga kudu digladhi bisa nulis guritan kang sejatine nulis guritan kuwi tatarane luwih dhuwur tinimbang nulis gancaran (prosa). Iki ora ateges nulis gancaran kuwi gampang. Lire samubarang pagaweyan kuwi yen ora digladhi kanthi tumemen, langka bisa kelakon dadi siswa sing wasis utawa pinter.

Sangu kanggo nulis guritan kuwi akeh banget. Panggurit nelakake rasa ngungun, kuciwa, susah, lan liya–liyane sajrone nemoni prastawa–prastawa utawa kanyatan sing wis klakon, nedheng klakon, lan sing kira–kira arep klakon. Kanthi gagasan, ide, utawa ing basa Indonesia diarani inspirasi sing nggugah rasa lan emosi. Gagasan kasebut rinacik nganggo tembung–tembung kang pinilih, kanthi dipepaes nganggo lelewaning basa, kawujudake kanthi tata tulis kang tinamtu. Kabeh mau dicundhukake kare ancas utawa krenteg uneg–uneg, lan daya cipta, rasa, karsane sing nggurit. Kabisan utawa katrampilan kang mangkono kuwi minangka pikoleh saka gladhen kang ajeg lan

lumintu. Kejaba kuwi uga dibutuhake kawasisan ing babagan ngolah ukara-ukara.

Sajrone nulis geguritan, asring diprangguli siswa nduwe inspirasi utawa gagasan, nanging para siswa durung bisa utawa kangelan kanggo ngolah tembung-tembung lan ukara-ukara kasebut, wusanane ora sida bisa ngrumpaka geguritan. Menawa mrangguli kanyatan kang kaya mengkene iki, ora ateges siswa mau ora kreatif, nanging sangune kudu diperdi kanthi tumemen, digladhi kanthi tlanten supaya tembe mburine siswa mau bisa tuwuh daya kreasine; murih bisa dadasiswa sing kreatif.

Piwulang geguritan kang kaya mangkono ora bisa kasil kanthi becik kaya kang dikarepake dening para guru. Kabeh mau disebabake saka pirang – pirang prakara, kang bisa disebabake dening gurune dhewe. Saka siswa, dipunsebabake amargi kirang nggatekake piwulangan saka guru nalika menehi tuladha, lan bisa uga ora anane medhia kang bisa nggampangake siswa mahami bab geguritan, saengga ndadekake kurang tlanten anggone nyinau. Manawa saka guru, disebabake amarga para guru kurang gamblang anggone nyinau babagan geguritan. Ngertine mung setengah – setengah, mula rikala menehake materi marang siswa uga kurang mantep, asring ora anane contoh kang jelas utawa ragu – ragu. Mula, mesthine para guru nduwe kamus basa jawa kang jangkep, uga tetep mersudi anggone ngangsu kawruh babagan geguritan saka para pakar, uga nganakake medhia kang bisa dimengerti dening para siswa yaiku kaya dene medhia film dhokumenter.

Andhedhasar gancaran ing ndhuwur ing nduwur mau, panaliti nduweni gagasan yen kanthi kapi gunakake medhia sing narik kawigatene siswa SMP, diangkah bisa ngundhakake kabisan lan katrampilane siswa ing ndalem nulis guritan. Mula saka iku, panaliti nyoba nggoleki cara kang trep kanggo ngrampungake bab ing nduwur kanthi migunakane medhia film dhokumenter.

Kanggo nuduhake apa medhia film iku nduweni daya pangaribawa utawa pengaruh marang katrampilan nulis guritan siswa SMP, wusana, panaliti arep nindakake panaliten kanthi irah-irahan, “Pengembangan Medhia Film Dhokumenter Kanggo Ngundhakake Kawasisan Nulis Geguritan Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan Tahun Ajaran 2019/2020”. Adhedhasar landhesan panaliten lan undharan ing dhuwur, mula bisa ditetepake udere panliten yaiku, (1) Kepriye proses pengembangan medhia film dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan, (2) Kepriye efektivitase medhia film dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan, (3) Kepriye response siswa kelas VII SMP Negeri Modo, Kecamatan Modo sajrone proses pasinaon migunakake medhia film dhokumenter.

Tujuwan ing panliten iki yaiku (1) Ngandharake proses pengembangan medhia film

dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan, (2) Ngandharake efektivitase medhia film dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan, (3) Ngandharake response siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kecamatan Modo sajrone proses pasinaon migunakake medhia film dhokumenter.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Panliten Kang Saemper

Ana saperangan panaliten kang di gunakake dening panliti yaiku meteri nulis geguritan kanthi beda panganggone medhia yaiku:

- (1) Afianti (2014) kanthi irah-irahan “Pengaruh Media Fisual Terhadap Peningkatan Ketrampilan Menulis Puisi Siswa Kelas IX Mts Jabal Nur Cipondoh Tangerang ngenani pengembangan medhia audio visual tumrap pasinaon nulis guritan. Asile panliten iki yaiku hitung $>$ ttabel yaiku $2,31 > 0,68$ kanthi undhak-undhakane yaiku 24,25. Kamangka bibsa didudut yen ana pengembangan kang signifikan sajrone panggone medhia audio visual marang pasinaonan nulis guritan ing kelas IX Mts Jabal Nur Cipodoh Tangerang tahun ajaran 2014/2015.
- (2) Manur (2014) kanthi irah-irahan “Kemahiran Menulis Puisi Menggunakan Medhia Audio Visual Siswa Kelas VII Sekolah Menengah Pertama swasta Bintan

Tunjunganpinang Talun Pelajaran 2013/2014” Panliten kasebut njelentreake yen wujud PTK (Panaliten Tindhakan Kelas) kanthi teknik pengumpulab dhata yaiku observasi, wawancara lan pambiji marang ktrampilan nulis geguritan kanthi cara nyemak audhio visual. Asile panliten iki yaiku siswa luwih nggatekake anggane asile nulis guritane siswa ing siklus II yaiku 60,70 banjur ana undhak-undhakan yaiku 75,50.

Panaliten kang arep di tindakake dening panaliti yaiku arupa panliten kelas ngenani katrampilan nulis, mligine katrampilan nulis geguritan. Bedane marang panliten sakdurunge yaiku saka panggone medhia ing materi kang digunakake panaliti. jinis medhia kang digunakake dening panliti yaiku medhia audhio visual arupa video animasi kang isine njlentrehake gegambaran materi kang arep diandharake dening panliti uga gegambaran ngenani pitakonan kanggo gladhen nulis guritane siswa. Medhia kang digunakake ana mempere marang medhia kang digunakake dening panliti liya yaiku padha nggunakake medhia video nanging nduweni isi kang beda sarta wujud kang uga beda-beda Panliten iki uga menehi fungsi sarta paedah medhia kasebut, yaiku supaya nyengkuyung pasinaonan sarta bisa nggampangake siswa kanggo nampa materi kang di jlentrehake dening guru.

Konsep Medhia

Tembung Medhia saka basa latin medhiaus kang nduweni teges “tengah”, prantara. pangantar pesen saka pengirim marang panampa pesen. Pangertene medhia piwulangan miturut para ahli:

- 1) Miturut Gelach lan Elly, 1971 (Arsyad, 2009:3) ngandharake yen medhia di mangerteni kanthi cara garis besar yaiku manungsa, materi, utawa kedadeyan kang mangun kahanan kang nggawe siswa oleh kawruh, katrampilan utawa sikap.
- 2) Miturut Fleming (sajrone Arsyad, 2009:3) ngandharake yen medhia yaiku alat kang nduweni pangaribawa sajrone rong pihak lan ngrukunake. Kanthi istilah medhiator, medhia nuduhake anane fungsi utawa pigunane yaiku kanthi cara ngatur sesambungan efektif ana arane rong pihak utawa proses sinau siswa lan isi pasinaone.

Jinis – Jinise Medhia

Miturut Sudjana lan Rivai (2010:3-4) (Dalam Ainun Djariyah) ana pirang jenis medhia pasinaon sing biyasa di gunakake sajrone proses ngajar.

1. Medhia grafis
Webster ngedefisikna Graphics kanggo seni utawa ilmu nggambar.terutama nggambar mekanik sajrone pangerten medhia visual.
2. Medhia telung dimensi
Medhia telung dimensi sing sering digunakna sajrone pengajaran yaiku model lan boneka.model yaiku tiruan telung dimensional saka pirang objek nyata sing luwih gedhe.ora gedhe,ora cilik,ora kelarangan,utawa terlalu ruwet.
3. Medhia Proyeksi
Medhia proyeksi di bagi dadi loro.yaiku ouverhead Projektor (OHP)lan slide utawa film strips.
4. Medhia Audio
Pangerten medhia audio kanggo pengajaran sing di maksud kanggo

bahan sing ngandung pesan sajrone bentuk auditif(pita swara utawa piringane swara) sing bisa ngrangsang pikiran,perasaane,lan peminat siswa, sahingga dadi proses pasinaon.

5. Medhia Lingkungan

Penggunaan medhia grafis, telung dimensi lan proyeksi saka andhedhasar yaiku memvisualna fakta gagasan,kedadiane,peristiwa sajrone tiruan saka keadaan sakbenere kanggo di baahas ning sajrone kelas mbantu proses pengajaran.

Medhia Film

Asyad (2010:117-119) nyatakna bahwa film yaiku rangkaian gambar sing proyeksikna ning layar saka layar tartamtu ndadekna urutan tingkatan sing sakdalan sahingga nggambarna sing luwih normal. Film yaiku gambar gerak suara sing nuturna cerita saka penonton. film luwih disikan dadi medhia hiburan di bandingna radio siaran lan TV.

Sajrone Kamus Besar Bahasa Indonesia Seluloid, medhia film yaiku bagean saka medhia pasinaon, saengga para siswa bisa luwih gampang njupuk materi sinau sing dikirim liwat skrin film kasebut. (<http://www.elly-lutfiyah.blogspot.com/2012/06/media-film-sebagai-media-pembelajaran.html>).

Miturut Munadi (2010:117-119) ana telung jenis film sing seuai kanggo konteks pasinaon antarane yaiku:

- (1) Film dhokumenter (documentaries)
Film dhokumenter yaiku film sing di gawe andhedhasar fakta ora fiksi lan ora pula andhedasarkan fakta.
- (2) Dokudrama
Dokudrama yaiku film-film dhokumenter sing mbutuhna pengadekan.

- (3) Film drama lan Semi drama
Film jenise iki nglukisna human relation. tema-temane isa saka kisah nyata lan bisa ora saka kisah nyata.

Konsep Nulis

Pangerten nulis miturut Hargrove lan Pottet (ing Abdurrahman (1998:239)) yaiku gambaran visual, pemikiran, lan ide kanthi nggunakake simbol sistem nulis kanggo komunikasi utawa njupuk cathetan. Abdurrahman (1998:224) nyimpulna menawa nulis minangka salah sawijining komponen sistem komunikasi. Nulis nerangake nggambarake pikirane, rasa, lan ide sing ana bentuk simbol basa grafis. Nulis rampung kanggo tujuan njupuk cathetan lan komunikasi.

Guritan

Panemu kang ngandharake ngenani guritan akeh banget, salah sawijine yaiku Herman (2005:01) ngandharake ngenani guritan, yaiku sawijine karya sastra kanthi basa kang dipadhetake, disingkat, lan diwenahi laras kanthi unine kang trep lan pamilihan tetembung kang nduweni makan kang kias (imajinatif). Purwadaminta (sajrone Situmorang, 1983:10) ngandharake guritan, yaiku reription kasusastran kang awujud sajak. Saliyane kuwi Situmorang (1983:12) uga ngandharake guritan lair saka pengalaman kang wigati, yaiku pengalaman panguripane dewe lan ora pangalaman kang biyasa. Pengalaman yaiku asile saka kawruh, pamikiran, rasa bungah lsp.


Andhedhasar andharane para panemu ing ndhuwur bisa didudut yen guritan yaiku puisi jawa gagrag anyar kang ora kaiket marang guru gatra, guru lagu, lan guru wilangan kanthi basa kang endah lan nduweni makna kias (*imajinatif*) kang bisa lair saka pengalaman.

METODE PANLITEN

Miturut Seals lan Richey (1994) netepake panliten pengembangan yaiku penilaian sistematis babagan desain, pengembangan lan evaluasi program, proses lan produk belajar sing kudu memenuhi kriteria kesahihan, kepraktisan, lan efektivitas. Miturut Gay (1990) panliten pengembangan yaiku upaya ngembangake produk sing efektif kanggo penggunaan sekolah, lan ora nguji teori.

Panliten iki kalebu jenis *quasi experimental desain*. Betuk desain eksperimen iki ngrupakna pengembangan saka *true experimental desain*, sing luwih angel di lakoni. Dhesain iki nduweni klompok kontrol, tapi ora isa di fungsikna sakpenuhe kanggo ngontrol variabel-variabel saka njaba sing pengaruh pelaksanaane eksperimen (Sugiono, 2010: 114).

Panaliten iki nggunakake dhesain pengembangan, tahapan sajrone metodhe panliten pangembangan iki adhedhasar konsep saka Sugiyono. Tahap iki minangka pathokan kanggo pangaribawane medhia supaya medhia kang pangaribawane bisa digunakake sajrone pasinaon. Sugiyono (2011:409) ngandharake tahap sajrone metodhe panliten pangembangan (Research & Development) yaiku:



Bagan 3.1 Dhesain Panliten

Bagan kasebut nuduhake tahapan pangembangan medhia, tahapan kasebut ditindhakake kanthi runtut. Dhesain panliten ing sing pisanan yaiku (1) analisis

kebutuhan kang duweni teges proses kang sistematis kanggo nemtokake tujuan, ngindhentifikasi kasalarasan antarane kasunyatan lan kondhisi kang dikarepake. (2) Kang nomer loro ngumpulake dhata sing duwe teges ngumpulake dhata utawa informasi kang bisa didadekake bahan kanggo ngrancangake sawijine prodhuk tartamtu. Banjur, (3) dhesain produk kang duweni teges gambaran produk kang dirancang lan diwujudake lumantar gambar utawa bagan kanthi cetha. (4) Validhasi dhesain duwe teges proses pambiji prodhuk kang ditindakake para ahli. (5) Revisi dhesain duweni teges ngrevisi medhia supaya luwih layak digunakake. (6) Uji coba prodhuk yaiku nindakake uji coba prodhuk kanthi cara eksperimen, mbandhingake antarane efektivitas prodhuk kasebut. (7) Revisi produk ditindhakake kanthi tujuwane kanggo ngasilake prodhuk sing luwih efektif. (8) Uji coba nggunakake prodhuk yaiku nliti lan mbiji apa kang isih kurang lan butuh diowahi. (9) Revisi prodhuk yaiku ngrevisi apa kang dirasa kurang, supaya prodhuk kang diasilake bisa maksimal. (10) Prodhuksi yaiku proses ditindhakake gawe prodhuk kang diasilake wis efektif lan wis layak.

Instrumen panalite yaiku alat utawa fasilitas kang digunakake dening panliti sajrone ngumpulake dhata supaya pakaryane luwih gampang lan asile luwih apik, maksude luwih lengkap, tliti, lan sistematis saengga luwih gampang diolah (Arikunto, 2013:203). Instrumen kang digunakake ing panlite iki yaiku :

(1) RPP

RPP yaiku sawijine piranti piwulangan kang disiyapake dening panliti kanggo ancangan sarta apa bae kang bakal ditindakake kanggo panlite. RPP kang

digunaake dening panlite ana loro yaiku RPP kanggo kelas kontrol yaiku kelas VII-E lan RPP kanggo kelas eksperimen yaiku kelas VII-G. Bedane antarane RPP kelas kontrol lan RPP kelas eksperimen yaiku pangganggone medhia film dhokumenter ing piwulangan ing RPP kelas eksperimen. Panliti nggunakake wektu yaiku rong patemon kanthi alokasi wektu 2x40 menit. Jinis kurikulum kang digunakake ing SMP Negeri 1 Sukaramo Lamongan yaiku Kurikulum yaiku Kurikulum KTSP 2006.

(2) Soal Tes

Tes miturut Arikunto (2010:193) yaiku deretane pitakon utawa latiyen serta alat liya kang digunakake kanggo ngukur katrampilan, kawruh *intelengensi*, kawasian utawa kabisan kang diduweni dening individu utawa kelompok. Soal tes kang digunakake ing panliten iki yaiku soal pretest lan posttest. Wujude soal kasebut padha. Soal pretest diwenehake siswa sadurunge siswa diwenehi materi ngenani nulis guritan. Soal pretest diwenehake sawise siswa diwenehi pasinaonan. Sawise panlite ditindakake banjur biji pretest lan posttest saka kelas kontrol lan kelas eksperimen dibandhingake lan didadekake dudutan saka panlite iki. Soal pretest lan posttest iku cacahé amung siji lan jinise kalebu tes non objektif lan kalebu uraian non objektif. Tatacane panliti mbiji skor kang diasilake dening siswa yaiku kanthi cara ngitung skor kang dipikolehi ing saben aspek pambiji yaiku, idhe kang diasilake, diksi, isi, runtute guritan, serta panulisane guritan.

(3) Lembar Observasi

Lembar observasi diwujudake kanthi daftar pranyatan kang wis disiyapake panliti kanggo diwangsuli dening *responden*. Daftar pranyatan iki uga wis dicumepaki skala pambiji dening panliti, saengga langsung mangsuli ana ing kolom wangsulan. Lembar observasi iki awujud angket katutup. Angket katutup yaiku angket kang wis disediyakake wangsulane dening panliti saengga responden amung menehi tandha ing wangsulan kang dipilih (Arikunto, 2006:152). Skala pambiji minangka wangsulan saka kaperang dadi 5 pilihan yaiku 1 (kurang banget), 2 (kurang), 3 (cukup), 4 (apik), lan 5 (apik banget).

(4) Lembar Angket

Angket kang digunakake kanggo kebutuhan panliten yaiku angket kebutuhan siswa, angket respon siswa, angket validasi medhia, angket validasi materi lan soal tes.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Andharan asil panliten iki bakal ngandharake wangsulan saka bab kang dadi undherane panliten. Adhedhasar bab kasebut mula ing kene bakal diandharake ngenani proses anggone ngembangake medhia film dhokumenter, efektivitas medhia film dhokumenter, lan response siswa kelas VII SMP Negeri I Modo, Kecamatan Modo, Kabupaten Lamongan.

1. Proses Pengembangan Medhia Film Dhokumenter

Adhedhasar pola pengembangan Sugiyono, ana saperangan langkah kang kudu ditindakake kanggo ngembangake medhia. Tahapan kang kawiwitan yaiku nganalisis kabutuhan masalah lan analisis isi medhia. Sadurunge nganalisis masalah luwih dhisik

ngumpulake dhata – dhata masalah kang dialami siswa marang kelas sampel kang wis ditemtokake yaiku klas instrumen, klas kontrol lan klas eksperimen. Klas VII-F minangka klas instrumen diolei HP 4,45. Klas VII-E minangka klas kontrol rata – rata HP yaiku 4,32. Klas VII-G minangka klas eksperimen rata – rata HP yaiku 4,34. Saka katelu klas kasebut bisa dirata – rata HP yaiku 4,39. Asil kasebut ing kriteria “njangkepi kompetensi”. Adhedhasar asil angket kabutuhan siswa kasebut diputusake nggunakake medhia film dhokumnter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan.

Sawise diputusake apa jinis medhia sing salaras karo kabutuhan siswa kang disebar mau, banjur dianakake isi medhia kanthi ngrumusake indikator lan tujuwan pasinaon adhedhasar KI lan KD kang wis ditemtokake. Sawise iku banjur tahap dhesain prodhuk, sajrone dhesain prodhuk iku ana piranti kanggo nggawe medhia film dhokumenter. Sawise dhesain rampung, banjur ana tahap implementasi kanggo ngapiki medhia supaya siswa katarik kawigatene.

Sabanjure yaiku validhasi marang ahli materi, supaya bisa dipriksa *kualitas* medhia film dhokumenter iki, cocok apa ora yen dikembangake ing materi nulis geguritan. Asil validhasi materi bisa didudut yen medhia film dhokumenter dadi bahan ajar kang dikembangake layak digunakake kanthi persentase 96% nuduhake yen medhia kasebut layak digunakake amarga persentasene sadhuwure 70%. Asil validhasi ahli medhia, yen dideleng saka gambaran dhesain film dhokumenter lan warna wis narik kawigaten lan cocok yen

digunakake ing siswa klas VII. Mula ahli validhasi medhia menehi biji kang apik, kanthi persentase 88%. Saka ahli medhia lan ahli materi medhia bisa didudut yen medhia film dhokumenter layak digunakake kanggo ngundhakake kompetensi nulis teks dheskripsi.

Sawise validhasi ahli medhia lan ahli materi, banjur nindakake revisi saka ahli medhia lan ahli materi. Samarine direvisi banjur nindakake uji kalayakan medhia marang klas instrumen, yen dirasa layak bisa diuji *efektifitas* marang klas eksperimen minangka klas nggunakake medhia, kang dibandingake karo klas kontrol minangka kelas kang ora nggunakake medhia.

2. Uji Efektivitas Medhia Film Dhokumenter

Dhata asil pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol, yaiku kanggo ngerteni bedane efektivitas pasinaon sing nggunakake medhia pasinaon karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut mengkone bisa diweruhi efektivitas medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis efektivitas pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis teks dheskripsi.

Dayane medhia film dhokumenter kanggo ngundhakake kawasisan nulis geguritan ing panliten iki diandharake kanthi nggunakake rumus t-test signifikasi. Tahap kanggo ngitung t-test signifikasi diandharake kaya mangkene:

a) Ngrumusake hipotesis H1 lan H0 kanggo nemtokake t-test sajrone klas

kontrol lan klas eksperimen, rumusan kasebut, yaiku :

- Ha: Medhia film dhokumenter bisa ngundhaake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo Lamongan tahun 2019/2020.
 - Ho: Medhia film dhokumenter ora bisa ngundhakake kawasisan nulis geguritan siswa kelas VII SMP Negeri 1 Modo Lamongan tahun 2019/2020.
- b) Nemtokake taraf kapercayaan 95% utawa taraf signifikan 5% ($\alpha=0,05$). Banjur didadekake kriteria nemtokake hipotesis kasebut bisa ditampa utawa ditolak. Kanthi db saka klas kontrol $25-1=24$ lan saka klas eksperimen $25-1=24$, mula db $50-2=48$ taraf signifikan 0,05 dadi $t_{tabel}=1,2$.
- c) Nemtokake kriteria ditampa utawa ditolak hipotesis ing panliten I. kriteria yaiku:

$t_{hitung} \geq t_{tabel}$ =kanggo (H0 ditolak)

$t_{hitung} \leq t_{tabel}$ =ditolak (H0 ditampa)

Adhedhasar tahapan ing dhuwur, sabanjure bakal ngitung t-test signifikasi. tahap kanggo ngitung t-test signifikasi, yaiku:

Tabel 1
Efektivitas Pasinaon Klas
Eksperimen lan Klas Kontrol
(Panliten I)

No	Kelompok Kelas Kontrol			Kelompok Kelas Eksperimen		
	Pre-test X1	Post-test X2	Bed a X	Pre-test Y1	Post-test Y2	Bed a Y
1	55,6	69,1	13,5	86,6	86,6	0

**Pengembangan Medhia Film Dhokumenter Kanggo Ngundhakake Kawasisan
Nulis Geguritan Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kabupaten Lamongan
Tahun Ajaran 2019/2020**

2	55,6	55,6	0	81,5	88,5	7
3	69,1	69,1	0	69,1	88,5	18,7
4	55,6	55,6	0	55,6	88,5	32,9
5	55,6	55,6	0	85,8	85,8	0
6	54	69,1	15,1	88,5	88,5	0
7	55,6	55,6	0	81,5	88,5	7
8	57,3	57,3	0	81,5	95,4	13,9
9	54	80,8	26,8	83,4	95,4	12
10	55,6	55,6	0	85,8	85,8	0
11	59	59	0	59	79	20
12	69,1	69,1	0	83,4	88,5	5,1
13	55,6	55,6	0	86,6	86,6	0
14	57,3	57,3	0	85,8	85,8	0
15	57,3	57,3	0	83,4	95,4	12
16	57,3	57,3	0	83,4	95,4	12
17	59	59	0	59	79	20
18	69,1	69,1	0	85,8	85,8	0
19	54	69,1	15,1	86,6	86,6	0
20	57,3	57,3	0	83,4	95,4	12
21	54	69,1	15,1	86,6	86,6	0
22	69,1	69,1	0	81,5	88,5	7
23	57,3	57,3	0	83,4	95,4	12
24	55,6	55,6	0	81,5	88,5	7
25	54	69,1	15,1	54	79	25
Σ	1453	1553,7	100,7	1982,7	2207	223,6

Sabanjure yaiku ngitung t-tes signifikan. Cara ngitung t-tes signifikan kanthi cara ing ngisor iki.

a. Ngitung Σx^2

$$Mx = \frac{\Sigma x}{N} = \frac{100,7}{25} = 4,028$$

$$\Sigma x^2 = \Sigma x^2 - \frac{\Sigma x^2}{N}$$

$$\Sigma x^2 = 4947,91 - \frac{100,7^2}{25}$$

$$\Sigma x^2 = 4542,3$$

b. Ngitung Σy^2

$$My = \frac{\Sigma y}{N} = \frac{223,6}{25} = 8,9$$

$$\Sigma y^2 = \Sigma y^2 - \frac{\Sigma y^2}{N}$$

$$\Sigma y^2 = 3992,32 - \frac{223,6^2}{25}$$

$$\Sigma y^2 = 1992,5$$

c. Ngitung t-tes signifikan

$$t = \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\Sigma x^2 + \Sigma y^2}{Nx + Ny - 2}\right)\left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny}\right)}}$$

$$t = \frac{|4,028 - 8,9|}{\sqrt{\left(\frac{4542,3 + 1992,5}{25 + 25 - 2}\right)\left(\frac{1}{25} + \frac{1}{25}\right)}}$$

$$t = \frac{|4,872|}{\sqrt{(136,152)(0,08)}}$$

$$t = \frac{|4,872|}{\sqrt{10,89}}$$

$$t = \frac{|4,872|}{3,3}$$

$$t = 1,476$$

Adhedhasar pangitungan t-tes ing ndhuwur lan kriteria kang wis ditemtokake sadurunge yaiku diasilake $t_{hitung} = 1,476 \leq t_{tabel} =$

$(0,05, db = 24) = 1,2$. Asil iki nuduhake yen “H₀ ditolak” lan “H₁ ditampa” nduweni teges, ana pambeda kang signifikan antarane pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia film dhokumenter karo kelas kontrol kang ora nggunakake medhia film dhokumenter. Signifikan asil pambeda antarane kelas eksperimen lan kelas kontrol iku nuduhake yen ana undhak – undhakan sajrone kawasisan nulis geguritan kanthi tema “Pencemaran Lingkungan” sawise nggunakake medhia film dhokumenter. Asil iki uga bisa nuduhake yen medhia film dhokumenter kang dikembangake ing panliten iki “efektif” digunakake sajrone proses pasinaon.

Dhata asil pasinaon klas eksperimen lan klas kotrol panliten II, yaiku kanggo ngerteni bedane efektivitas pasinaon sing nggunakake medhia pasinaonan karo sing ora nggunakake medhia pasinaon. Saka bedane kasebut

mengkone bisa diweruhi *efektifitas* medhia pasinaon sing dikembangake. Yen ana bedane sajrone analisis *efektifitas* pasinaon klas eksperimen lan klas kontrol tegese medhia sing dikembangake pancen bisa merbawani tumrap undhak-undhakan kawasisan siswa sajrone nulis dheskripsi.

Adhedhasar tahapan ing panliten I, sabanjure bakal ngitung t-test signifikansi ing panliten II. tahap kanggo ngitung t-test signifikansi, yaiku:

Tabel 2
Efektivitas Pasinaon Klas
Eksperimen lan Klas Kontrol
(Panliten II)

No	Kelompok Kelas Kontrol			Kelompok Kelas Eksperimen		
	Pre-test X1	Post-test X2	Bed a X	Pre-test Y1	Post-test Y2	Bed a Y
1	69,1	80,8	11,7	86,6	95,4	8,8
2	55,6	55,6	0	86,6	88,5	7
3	69,1	69,1	0	86,6	88,5	1,9
4	55,6	55,6	0	55,6	95,4	39,8
5	55,6	55,6	0	85,8	85,8	0
6	54	69,1	15,1	86,6	88,5	1,9
7	55,6	55,6	0	88,5	95,4	6,9
8	57,3	57,3	0	81,5	95,4	13,9
9	54	80,8	26,8	83,4	95,4	12
10	55,6	55,6	0	85,8	85,8	0
11	59	59	0	59	79	20
12	69,1	69,1	0	83,4	88,5	5,1
13	55,6	55,6	0	86,6	86,6	0
14	57,3	57,3	0	85,8	85,8	0
15	57,3	57,3	0	83,4	88,5	5,1
16	57,3	57,3	0	83,4	88,5	5,1
17	59	80,8	21,8	59	79	20
18	69,1	69,1	0	85,8	85,8	0
19	54	69,1	15,1	81,5	86,6	5,1
20	57,3	57,3	0	83,4	95,4	12

21	54	69,1	15,1	86,6	86,6	0
22	69,1	69,1	0	81,5	88,5	7
23	57,3	57,3	0	83,4	88,5	5,1
24	55,6	55,6	0	86,6	95,4	8,8
25	69,1	69,1	0	54	95,4	41,4
Σ	1541	1670	105,6	2122	2342	289

Sabanjare yaiku ngitung t-test signifikan. Cara ngitung t-test signifikan kanthi cara ing ngisor iki.

a) Ngitung $\sum x^2$

$$Mx = \frac{\sum x}{N} = \frac{105,6}{25} = 4,22$$

$$\sum x^2 = \sum x^2 - \frac{\sum x^2}{N}$$

$$\sum x^2 = 2073 - \frac{2073}{25}$$

$$\sum x^2 = 1990,1$$

b) Ngitung $\sum y^2$

$$My = \frac{\sum y}{N} = \frac{289}{25} = 11,6$$

$$\sum y^2 = \sum y^2 - \frac{\sum y^2}{N}$$

$$\sum y^2 = 5323 - \frac{5323}{25}$$

$$\sum y^2 = 5110,08$$

c) Ngitung t-test signifikan

$$t = \frac{|Mx - My|}{\sqrt{\left(\frac{\sum x^2 + \sum y^2}{Nx + Ny - 2}\right)\left(\frac{1}{Nx} + \frac{1}{Ny}\right)}}$$

$$t = \frac{|1990,1 - 5110,08|}{\sqrt{\left(\frac{2073 + 5323}{25 + 25 - 2}\right)\left(\frac{1}{25} + \frac{1}{25}\right)}}$$

$$t = \frac{|3119,9|}{\sqrt{(12,326)(0,08)}}$$

$$t = \frac{|3119,9|}{\sqrt{0,9861}}$$

$$t = \frac{|3119,9|}{0,993}$$

$$t = 3141,8$$

Adhedhasar pangitungan t-test ing ndhuwur lan kriteria kang wis ditemtokake sadurunge yaiku diasilake $t_{hitung} = 3141,8 \leq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$. Asil iki

nuduhake yen “ H_0 ditolak” lan “ H_1 ditampa” nduweni teges, ana pambeda kang signifikan antarane pasinaon kelas eksperimen kang nggunakake medhia film dhokumenter karo kelas kontrol kang ora nggunakake medhia film dhokumenter. Signifikan asil pambeda antarane kelas eksperimen lan kelas kontrol iku nuduhake yen ana undhak – undhakan sajrone kawasisan nulis geguritan kanthi tema “Banjir Bandang” sawise nggunakake medhia film dhokumenter. Asil iki uga bisa nuduhake yen medhia film dhokumenter kang dikembangake ing panliten iki “efektif” digunakake sajrone proses pasinaon.

Efektivitas medhia film dhokumenter diweruhi saka asil pasinaon siswa ing klas eksperimen kang nggunakake medhia lan klas kontrol kang ora nggunakake medhia sajrone proses pasinaon ing kelas. Saka asil pasinaon rong klas kasebut bakal dibandingake lan ngasilake dhata yaiku ana lan orane pambeda kang signifikan sajrone panganggone medhia film dhokumenter. Panliten I ngasilake $t_{hitung}(klas\ eksperimen) = 23,025 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2 \leq t_{hitung}(klas\ kontrol) = 47,9 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$. Pambanding asil pre-test lan post-test klas eksperimen lan klas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 1,476 \leq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$. Asil iki nuduhake yen ana pambeda kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten I iki nuduhake H_0 ditolak lan H_1 ditampa.

Panliten II ngasilake klas eksperimen $t_{hitung} = 71,67 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2 \geq$ klas kontrol

$t_{hitung} = 15,49 \geq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$. Pambanding asil pre-test lan post-test klas eksperimen lan klas kontrol ngasilake $t_{hitung} = 3141,8 \leq t_{tabel} = (0,05, db = 24) = 1,2$. Asil iki nuduhake yen ana pambeda kang signifikan. Kanthi tembung liya yen panliten II iki nuduhake H_0 ditolak lan H_1 ditampa.

Asil efektivitas medhia film dhokumenter kang ngasilake dhata kaya ing dhumur, nuduhake yen medhia film dhokumenter kang dikembangake sajrone panliten iki bisa digunakake kanggo mbiyantu pasinaon siswa ing materi nulis geguritan siswa klas VII SMP Negeri I Modo Kabupaten Lamongan.

3. Respon Siswa Tumrap Medhia Film Dhokumenter

Dhata respon siswa sawise nggunakake medhia film dhokumenter diklumpukake nganggo instrumen angket respon siswa. Angket respon siswa iki mung disebarake ing klas VII-F minangka klas instrumen lan klas VII-G minangka klas eksperimen amarga klas kasebut nggunakake medhia film dhokumenter sajrone pasinaon nulis geguritan. Dudutan asil analisis respon siswa kaya mangkene.

- 1) Respon siswa klas instrumen asil rata – rata persentase yaiku 88%, asil kasebut kagolong “apik banget” utawa “setuju”, amarga akeh siswa kang seneng marang medhia film dhokumenter.
- 2) Respon siswa klas eksperimen marang medhia kang digunakake sajrone proses pasinaon. Biji respon siswa ing kelas uji instrumen iki oleh rata – rata 87% kang nduweni

teges “apik banget” utawa “Setuju”. Bisa didudut yen panganggone medhia film dhokumenter ing proses pasinaon siswa nulis geguritan iki bisa menehi undhak – undhakan lan bisa dikembangake maneh, amarga layak digunakake sajrone pasinaon nulis geguritan.

Adhedhasar saka asil respon ing rong kelas kasebut, nuduhake menawa respon siswa marang medhia film dhokumenter kang dikembangake ing panliten iki “apik banget”, kang ateges siswa padha ngrasa seneng lan ngrasa dibantu sajrone proses pasinaon nulis geguritan nalika nggunakake medhia film dhokumenter. Siswa uga ngrasa menawa medhia film dhokumenter bisa narik kawigatene kanggo luwih giat sinau nulis geguritan.

PANUTUP

Ngandharake dudutan adhedhasar asile panliten ing bab IV, bisa didudut menawa medhia film dhokumenter kang dikembangake ing panliten iki wis layak digunakake kanggo panliten nulis geguritan. Pola kawiitan yaiku anane potensi lan masalah. Ing pola iki panliti nyebarake angket kebutuhan siswa kanggo ngaweruhi potensi lan masalah kang diahepi siswa. Asil saka angket kebutuhan siswa kasebut ngasilake rata – rata HP 2,36. Asil kasebut kalebu ing kualifikasi “kurang njangkepi kompetensi”. Asil kasebut uga kang njalari anane pengembangan medhia kang ditindakake.

Tintingan efektifitas medhia film dhokumenter iki bisa diweruhi saka asil pasinaon siswa kang wis ditindakake kaping pindho. Uji coba nggunakake ngenani nulis geguritan kanthi tema “pencemaran lingkungan”. Efektifitas

medhia diweruhi saka asil pasinaon siswa ing kelas eksperimen kang nggunakake medhia lan kelas kontrol kang tanpa nggunakake medhia sajrone proses piwulangan ing kelas. Saka asil pasinaon ing rong kelas kasebut bakal dibandingake lan ngasilake dhata yaiku ana lan orane pambada kang signifikan sajrone panggonane medhia film dhokumenter. Sawise nindakake uji coba kang kaping pindho, panliti bakal nyebarake angket respon siswa kanggo ngaweruhi respon siswa marang medhia kang wis digunakake. Angket respon siswa kang wis disebarake ing kelas VII F minangka kelas uji instrumen ngasilake persentase 84% kang tegese “apik banget”. Dene angket respon siswa ing kelas VII G minangka kelas eksperimen ngasilake persentase 87% kang ateges “apik banget”. Bisa didudut yen panganggone medhia film dhokumenter ing kelas uji instrumen lan kelas eksperimen bisa ditampa dening siswa lan bisa digunakake kanggo mbiyantu siswa ing piwulangan nulis geguritan.

Pamrayoga kanggo para panliti sabanjure yaiku bisa ngembangake medhia film dhokumenter iki supaya luwih apik lan sampurba. Pamrayoga kasebut ora mung kanggo panliti sabanjure nanging uga kanggo pada guru lan calon guru kang sebendinane bakal terjun langsung ing lapangan ngadhepi para siswa kanti cara langsung. Para guru dikarepake bisa luwih kreatif lan inovatif sajrone piwulangan supaya bisa ngundhakake kawasisane siswa ing ndadekake guru luwih diregani lan diajeni luwih dhuwur lan bisa ngasilake para siswa kang cerdhas lan kreatif.

KAPUSTAKAN

- Ambarwati, Ayu Sri. 2016. Pengembangan Medhia Animasi Flash Tumrap Kawasisan Nyemak Cita Rakyat Siswa Kelas VII SMPN 2 Wlingi, Blitar Taun 2015/2016. Skripsi ora diterbitake. Surabaya : Universitas Negeri Surabaya.
- Aprilia, Dini Wahyu Silvana. 2016. “Pengembangan Medhia Muppet Ekspresi Tumrap Pasinaon Nyemak Dongeng Siswa Kelas V SDN Sukabunu 2 Kota Probolinggo” (Skripsi Ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Arikunto, Suharsimi. 2010. Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____, 2013. Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik. Jakarta: Rineka Cipta.
- Arsyad, Azhar. 2007. Media Pembelajaran. Jakarta: Rajawali Press.
- Badrun, Ahmad. 1989. Teori Puisi. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Basir, Udjang Pr. M. 2013. Ketrampilan Menulis Dasar Menulis Ilmiah dalam Tulisan Latin dan Jawa (Pengantar Teori dan Praktik). Surabaya: Penerbit Bintang.
- Dalman, 2016. Keterampilan Menulis. Jakarta : PT. RajaGrafindo Persada.
- Daranto. 2013. Media Pembelajaran. Yogyakarta: Gava Media.
- <http://www.freeyourimagination.com/products/explosion-box/>, diakses tanggal 18 Januari 2017 jam 14.11.
- Rachmawati, Endita Septiara. 2017. “Pengembangan Modhul Elektronik Materi Nulis Geguritan Abasis Medhalitas Pasinaon Tumrap Siswa Kelas VII SMP Negeri 19 Surabaya Taun Ajaran 2016-2017” (Skripsi ora diterbitake). Surabaya: PBD FBS Unesa.
- Riduwan. 2013. Skala Pengukuran Variabel – variabel Penelitian. Bandung: Alfabeta.
- Sadiman, Arief S, dkk. 2010. Media Pembelajaran: Pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya. Jakarta : PT. Raja Grafindo Persada.
- _____, 2014. Media Pendidikan: pengertian, Pengembangan, dan Pemanfaatannya. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Sarwono, Jonathan. 2006. Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Setyosari, Prof. Dr. H. Punaji. 2016. Metode Penelitian Pendidikan & Pengembangan. Jakarta: PT Karisma Putra Utama.
- Sudijono, Anas. 2010. Pengantar Statistik Pendidikan. Jakarta: Rajawali Press.
- Sugiyono. 2016. Metode Penelitian Pendidikan Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D. Bandung: Alfabeta.
- Suryam, 2014. “Pengertian Geguritan” <http://www.geniusmart.net/2015/10/materi-bahasa-jawa-bab-geguritan-kelas.html>, kaakses

*Pengembangan Media Film Dokumenter Kanggo Ngundhakake Kawasisan
Nulis Geguritan Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Modo, Kabupaten Lamongan
Tahun Ajaran 2019/2020*

- tanggal 11 Maret 2017 jam 10.17.
- Guru dan Dosen. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Sutirman. 2013. Media & Model – model Pembelajaran Inovatif. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Taringan, Henry Guntur. 2008. Menulis Sebagai Ketrampilan Berbahasa. Bandung: Angkasa.
- Tim Prima Pena. 2001. Kamus Besar Bahasa Indonesia. Gitamedia Press.
- Tjahjono, Tengsoe. 2000. Membidik Bumi Puisi Ke Arah Kegiatan Apresiasi. Surabaya: Sanggar Kalimas Surabaya.
- Wardoyo, Sigit Mangun. 2013. Teknik Menulis Puisi; Paduan Menulis Puisi untuk Siswa, Mahasiswa,